



Ou ka jwenn enfòmasyon pou renonse konje peye pou fanmi ak enstriksyon sou fason pou ranpli fòm sa a sou paj 2.

Enfòmasyon sou Anplwayè n	
1. NON LEGAL ANPLWAYÈ A (DBA / AKA / TA)	
2. ADRÈS	4. FEIN ANPLWAYÈ A
3. VIL, ETA ak KÒD POSTAL	5. NIMEWO TELEFÒN

Enfòmasyon sou Anplwaye a	
6. NON ANPLWAYE A	
7. ADRÈS KAY:	
8. VIL, ETA ak KÒD POSTAL	9. NIMEWO TELEFÒN

Enfòmasyon sou Travay	
10. MWAYÈN KANTITE ÈDTAN OU TE TRAVAY PA SEMÈN (SELON DÈNYE 8 SEMÈN YO)	12. ÈSKE SE YON TRAVAY TANPORÈ? <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
11. MWAYÈN KANTITE JOU OU TE TRAVAY PA SEMÈN (SELON DÈNYE 8 SEMÈN YO)	SI SE WI, KONBYEN TAN TRAVAY LA SIPOZE DIRE?

Anplwaye
<p>1. Mwen ta renmen anile pwoteksyon konje peye fanmi mwen nan moman sa a paske (chwazi youn):</p> <p><input type="checkbox"/> Mwen travay 20 èdtan oswa plis pa semèn regilyèman, men mwen pa pral travay 26 semèn youn dèyè lòt (6 mwa) pou anplwayè sa a.</p> <p><input type="checkbox"/> Mwen travay 20 èdtan oswa pi piti pa semèn regilyèman, men mwen pa pral travay 175 jou nan 52 semèn youn dèyè lòt (yon ane) pou anplwayè sa a.</p> <p>2. Mwen konprann y ap anile egzanpsyon sa a si orè travay men ta chanje ak si yo antisipe mwen pral travay pou plis pase 20 èdtan pa semèn pou 6 mwa, oswa mwen pral travay pou pi piti pase 20 èdtan pa semèn mwen omwen 175 jou nan yon peryòd 52 semèn youn dèyè lòt (1 ane).</p> <p>3. Mwen konprann ke egzanpsyon sa a FAKILTATIF AK REVOKAB.</p> <p>(a) Anplwayè mwen an pa kapab fòse m patisipe nan avantaj konje peye pou fanmi yo.</p> <p>(b) Mwen ka deside anile egzanpsyon sa a pi devan, si orè mwen pa chanje.</p> <p>4. Mwen konprann si egzanpsyon sa a anile (swa paske mwen anile li osw apaske gen yon chanjman nan orè travay mwen), patwon mwen ka pran dediksyon retwoaktif pandan peryòd tan mwen te gen pwoteksyon egzanpsyon sa a, epi peryòd tan sa a konte pou kalifikasyon mwen pou konje fanmi peye.</p>

Sètifikasyon Anplwaye
Mwen sètifye selon sa mwen konnen ke deklarasyon anwo yo konplè epi yo vre.
Siyati Anplwayè a: _____ Dat siyati a: _____
Siyati Anplwaye a: _____ Dat siyati a: _____

Tanpri note: Anplwayè a dwe kenbe yon kopi egzanpsyon konplè a nan dosye li toutotan anplwaye a toujou ap travay ak anplwayè ki bay pwoteksyon an.

Pou pa Patisipe nan Konje Peye pou fanmi (12 NYCRR 380-2.6)

- (a) Yon moun k ap travay pou yon anplwayè ki gen pwoteksyon an dwe kapab chwazi pou mande yon egzansyon pou avantaj konje peye pou fanmi.
 - (i) Lè orè travay regilye li a 20 èdtan oswa plis pa semèn, men anplwaye a p ap travay 26 semèn youn dèyè lòt, oswa
 - (ii) Lè orè travay regilye li a mwens pase 20 èdtan pa semèn, epi anplwaye a p ap travay 175 jou nan 52 semèn youn dèyè lòt.
- (b) Anvan uit (8) semèn pase apre nenpòt chanjman nan orè travay nòmal pou yon anplwaye ki egzije pou anplwaye a kontinye travay pou 26 semèn youn dèyè lòt oswa 175 jou nan yon peryòd 52 semèn youn dèyè lòt, y ap konsidere nenpòt ki egzansyon ki ranpli anba seksyon sa a ap anile. Yon moun k ap travay pou yon anplwayè ki gen pwoteksyon an ki gen yon egzansyon yo te anile, oblije kòmanse fè kontribisyon nan depans pou avantaj konje pou fanmi, ki gen ladan nenpòt kantite lajan retwoaktif yo te dwe depi dat yo anboche li a, dapre Seksyon 209 nan Lwa Konpansasyon Travayè a, kou anplwayè a ki gen pwoteksyon an avize anplwaye konsènan obligasyon sa a.
- (c) Anplwayè ki gen pwoteksyon an dwe kenbe yon kopi egzansyon konplè a nan dosye li pou li bay Prezidan an depi li mande, toutotan anplwaye a toujou ap travay ak anplwayè ki ki gen pwoteksyon an.
- (d) Yon anplwaye jan sa dekri nan souseksyon (a) nan seksyon sa a ki chwazi pa antre nan yon egzansyon dwe fè kontribisyon avantaj fanmi nòmalman pandan tout tan l ap travay ak anplwayè ki gen pwoteksyon an, epi anplwayè ki gen pwoteksyon an ap oblije bay avantaj konje peye pou fanmi bay anplwaye sa a lè li kalifye selon règ sa a.

Kalkile Mwayèn Orè / Jou Travay

Pou detèmine kantite mwayèn èdtan ou te travay chak semèn:

Ajoute tout èdtan ou te travay pou 8 semèn ki sot pase yo, epi divize total la pa 8.

Pou detèmine kantite mwayèn jou ou te travay chak semèn:

Ajoute tout jou pou te travay pou 8 semèn ki sot pase yo, epi divize total la pa 8.

Egzanp:

Semèn Travay	Kantite èdtan ou te	Jou ou te travay
Semèn 1	16	2
Semèn 2	24	3
Twazyèm Semèn	16	2
Semèn 4	16	2
Semèn 5	8	1
Semèn 6	24	3
Semèn 7	16	2
Semèn 8	8	1
Total	128	16
	Divize pa 8	Divize pa 8
Mwayèn chak	16	2